



COVID-19 (Kowonaviris 2019)

ENFÒMASYON RAPID POU TRAVAYÈ AGRIKÒL YO



Konnen siy yo


Malgre COVID-19 la se yon maladi ki soti nan yon nouvo souch kowonaviris, li pa twò diferan pase lòt viris respiratwa yo. Aprann plis anba a!

Sentòm COVID-19 yo

- ✓ fyèv
- ✓ tous
- ✓ souf kout
- ✓ gòj fè mal
- ✓ frison, latranblad
- ✓ doulè nan misk
- ✓ tèt fè mal
- ✓ pèdi gou bouch oswa pa ka pran sant
- ✓ Anvi vomi, vomi
- ✓ Dyare
- ✓ Nen bouche ak nen k ap fè larim

PWEN ENPÒTAN!

Pifò moun gen sentòm ki pa grav epi jwenn soulajman poukont yo lakay yo. Moun ki pi a risk pou maladi grav yo se granmoun aje yo ak moun ki gen lòt pwoblèm.



KILÈ POU CHÈCHE ÈD MEDIKAL!

Si w gen nenpòt nan bagay sa yo, ou dwe rele pwofesyonèl swen sante w la touswit:

- difikilte pou respire
- gwo lafyèv
- lòt sentòm ou pa abitye genyenyo oswa ki konsène

Prevansyon kont COVID-19

Fè prevansyon kont COVID-19 se prèske tankou fè prevansyon kont lòt maladi respiratwa yo tankou rim, ak grip.




lave men w

Lave yo souvan ak savon epi dlo.




rete lakay ou

Rete lakay ou si ou sispèk COVID-19 pandan 24 èdtan apre lafyèv la tonbe, men pa mwens pase 10 jou apati de lè ou te vin tonbe malad la.



pa manyen figi w

Sa a se fason ki pi fasil pou mikwòb antre nan kò w.




rete a 6 pye distans ak lòt moun

Kenbe distans ak lòt moun lakoz li pi difisil pou mikwòb la pwopaje



kenbe dezenfektan pou men w tou pre

Sèvi ak dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl, itilize li souvan epi di timoun yo ak moun ki ozalantou ou yo pou yo fè menm bagay la.




mete yon kouvèti pou figi

Yon kouvèti pou figi ede anpeche pwopagasyon mikwòb ki soti nan yon moun pou ale jwenn yon lòt.




evite moun ki malad

Sa ede w pou pa an kontak ak mikwòb lòt moun. COVID-19 pwopaje pi fasil lè moun yo gen sentòm yo.



manje byen epi fè egzèsis

Manje repa ki sen epi fè egzèsis pou ede sistèm iminitè ou epi akselere retablisman w apre maladi a.



Si ou gen lòt maladi tankou maladi kè, dyabèt, maladi poumon, kansè, elatriye, pale ak doktè w la kounye a epi jwenn yon plan sou kisa pou fè si ou vin malad.

Ou gen kesyon?

Rele sant apèl COVID-19 la 24/7: 1-800-962-1253.

Ou ka rele 2-1-1 tou, voye yon mesaj tèks NJCOVID nan 898-211, epi vizite: <https://www.nj.gov/health/cd/topics/ncov.shtml>.